



KEY WEST TRANSIT
PWOSEDI POU PLENT TIT VI

Nenpòt moun ki kwè ke yo te fè diskriminasyon kont li sou baz ras, koulè oswa orijin nasyonal pa Key West Transit (KWT) ka depoze yon plent Tit VI lè yo ranpli epi soumèt Fòmilè Plent Tit VI ajans lan (yo). KWT mennen ankèt sou plent yo resevwa pa plis pase 180 jou apre swadizan ensidan an. KWT pral trete plent ki konplè.

Yon fwa yo resevwa plent lan, KWT pral revize li pou detèmine si biwo nou an gen jiridiksyon. Moun k ap pote plent lan pral resevwa yon lèt ki fè l konnen si biwo nou an ap investigate plent lan.

Key West Transit gen 30 jou pou mennen ankèt sou plent la. Si yo bezwen plis enfòmasyon pou rezoud ka a, KWT ka kontakte moun ki pote plent lan. Moun k ap plenyen an gen ven (20) jou ouvrab apati dat lèt la pou l voye enfòmasyon yo mande yo bay investigatè ki plase nan ka a. Si moun k ap plenyen an pa kontakte investigatè a oswa si li pa resevwa plis enfòmasyon an nan ven (20) jou ouvrab, KWT ka fèmen ka a administrativman. Yon ka ka fèmen administrativman tou si moun ki pote plent lan pa vle pouswiv ka yo ankò.

Aprè investigatè a revize plent lan, li pral bay moun ki pote plent lan youn nan de lèt: yon lèt fèmen oswa yon lèt pou jwenn konklizyon (LOF). Yon lèt fèmen rezime akizasyon yo epi li di ke pa te gen yon vyolasyon Tit VI e ke ka a pral fèmen. Yon LOF rezime akizasyon an ak entèvyou yo konsènan swadizan ensidan an, epi eksplike si nenpòt aksyon disiplinè, fòmasyon adisyonèl nan anplwaye a, oswa lòt aksyon pral fèt. Si moun ki pote plent lan vle fè apèl kont desizyon an, li gen dis (10) jou apre dat lèt la oswa LOF pou fè sa.

Yon moun ka pote yon plent tou dirèkteman nan Administrasyon Transpò Federal la lè li depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil, Atansyon: Koòdonatè Pwogram Tit VI, East Building, 5th Floor-TCR, 1200 New Jersey Ave. SE, Washington, DC 20590. .